**दिन—गुरूवार** **दिनांक—30.01.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

संसदक बजट सत्र कालि्ह सँ शुरू भऽ रहल अछि। वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन एक फरवरी के लोकसभा मे वित्तीय वर्ष दू हजार पच्चीस—छब्बीसक बजट प्रस्तुत करतीह। बजट सत्र के सुचारू संचालन लेल केन्द्र सरकार आइ नव दिल्ली मे सर्वदलीय बैसारक आयोजन कयलक। बैसार मे रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह, स्वास्थ्य मंत्री जे.पी. नड्डा, संसदीय कार्यमंत्री किरेन रिजिजू समेत कांग्रेस, समाजवादी पार्टी, राजद, जदयू आ आनो दलक वरिष्ठ नेता लोकनि भाग लेलनि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन प्रगति यात्राक क्रम मे आइ मधेपुरा जिला मे दू सय अट्ठासी करोड़ टाका सँ बेसीक सैंतीस विकास योजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। एहि क्रम मे श्री कुमार रसलपुर—धुरिया पंचायतक कलासन गाम मे आयोजित कार्यक्रम मे जीविका दीदी आ योजनाक लाभुक लोकनि संग संवाद सेहो कयलनि। मुख्यमंत्री सिंहेश्वर धाम मंदिरक जीर्नोधार आ मधेपुरा जिला मे आलमनगर, कुमारखंड, चौसा, मधेपुरा आ सिंहेश्वर स्थान मे नव प्रखंड—सह—अचंल कार्यालयक निर्माण सहित जिला मे आनो कार्यक्रमक घोषणा कयलनि।

---

मुंगेर आ खगडियाक मध्य गंगा नदी पर बनल श्री कृष्ण सेतु पर निरीक्षणक काज हेबाक कारणे कालि्हयो वाहनक परिचालन विभिन्न अंतराल पर बंद रहत। एहि पुल पर कालि्ह सवेरे आठ बजे सँ साढ़े नओ बजे धरि आ पूर्वाह्न एगारह बजे सँ दूपहर एक बजे धरि वाहनक परिचालन पर रोक रहत।

---

कैमूर जिलाक कुदरा थाना क्षेत्र अंतर्गत नाथुपुर गाम लऽग मुख्य सड़क पर स्थानीय ग्रामीण लोकनि संग विवादक बाद भेल मारि—पीट मे सासारामक सांसद मनोज राम घायल भऽ गेलाह। सांसदक प्राथमिक उपचार मोहनिया अनुमंडल अस्पताल मे कराओल गेल।

———————————————————————

पटनाक एमपी–एमएलए कोर्ट पूर्व विधायक अनंत सिंहक जमानत याचिका पर फैसला अगिला सुनवाई धरि लेल टारि देलक अछि। मोकामाक पंचमहला गाम मे गोलीबारीक मामिला मे आइ न्यायालय जमानत याचिका पर सुनवाई करैत पुलिस सँ केस डायरी मांगलक। विदित अछि जे एहि मामिला मे पछिला दिन अनंत सिंह बाढ़ स्थित स्थानीय अदालत मे आत्मसमर्पण कऽ देने छलाह।

———————————————————————

देश आइ राष्ट्रपिता महात्मा गांधी के हुनक सतहत्तरम् पुण्यतिथि पर श्रद्धांजलि अर्पित कयलक। आजुक दिन के शहीद दिवसक रूप मे सेहो मनाओल जाइत अछि। आजुके दिन उनैस सय अड़तालीस मे महात्मा गांधीक हत्या भेल छल। एहि अवसर पर दिल्ली मे राष्ट्रपिताक समाधि स्थल राजघाट पर सर्वधर्म प्रार्थना सभाक आयोजन कयल गेल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, विपक्षक नेता राहुल गांधी महात्मा गांधीक समाधि पर पुष्पांजलि अर्पित कयलनि। एम्हर, पटना मे गांधी घाट पर आयोजित मुख्य राजकीय समारोह मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार राष्ट्रपिता के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। दरभंगा, सुपौल, समस्तीपुर आ बेगूसराय समेत आनो–आन जिला मे लोक राष्ट्रपिता के स्मरण कऽ हुनका श्रद्धांजलि देलनि।

———————————————————————

दरभंगा मे जल्दीए प्रमंडलीय स्तरक खेलगांवक निर्माण होयत। दरभंगाक सांसद गोपाल जी ठाकुर जिला खेल पदाधिकारी परिमल कुमार आ आनो अधिकारीक संग बैसार मे ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे सरकार खेल भावना के प्रोत्साहित करबाक लेल कृतसंकल्पित अछि।

———————————————————————

समस्तीपुर जिलाक ताजपुर मे स्थानीय विधायक अख्तरूल इस्लाम शाहीन दू करोड़ सत्तरि लाख टाकाक निर्माण सँ निर्मित दू सड़कक उद्घाटन कयलनि।

———————————————————————

बीपीएससी अभ्यर्थी लोकनि आइ पटनाक वीरचंद पटेल पथ पर आयकर गोलंबर लऽग सत्तरम बीपीएससी प्रारंभिक परीक्षा रद्द करबाक मांग के लऽकऽ प्रदर्शन कयलनि। जाहि कारणे लऽग पासक क्षेत्र मे जाम लागि गेल। बाद मे पुलिस प्रदर्शनकारी लोकनि के हटौलक।

———————————————————————

दरभंगा मे आगामी पांच आ छओ फरवरी के जिला स्तरीय कृषि यांत्रिकरण मेला सह किसान मेलाक आयोजन कयल जायत। जिला कृषि पदाधिकारी जनौलनि जे एहि मेलाक आयोजन जिलाक बहादुरपुर स्थित संयुक्त कृषि कार्यालय परिसर मे होयत।

———————————————————————

समस्तीपुर जिलाक दलसिंहसराय थाना क्षेत्र अंतर्गत गद्धो बाजितपुर स्थित ठाकुरबाड़ी सँ किछु चोर अष्ठ धातुक राम—लक्ष्मण आ सीताक मूर्तिक चोरी कऽ लेलक। पुलिस एफएसएल टीमक मददि सँ मामिलाक जांच कऽ रहल अछि।

———————————————————————

पछवा हवाक प्रभाव कम हेबा सँ प्रदेशक अधिकांश भाग मे जाड़ कमल अछि। विभिन्न स्थान पर न्यूनतम आ अधिकतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। एम्हर, मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला तीन दिन धरि प्रदेशक अधिकांश भाग मे न्यूनतम तापमान मे वृद्धि होयत। ओतहि, विभाग एक फरवरी सँ प्रदेशक किछु क्षेत्र मे पश्चिमी विक्षोभ के सक्रिय हेबाक संभावना व्यक्त कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त